



Dokiman obligatwa pou RAFT – Jiyè 2023

****Pou Tout Aplikasyon - Yo mande yon adrès imel AK Idantifikasyon Foto pou anrejistre kont ou ak Aplikasyon RAFT ou pou ni Lokatè a AK Pwopriyetè a****

Aplike pou aryere – Rete nan menm inite

- o ID pou chèf fanmi
- o Prèv Revni – pou tout moun nan kay la ki gen plis pase 18 an
 - De (2) Bout Peyé – ki gen dat nan dènye 60 jou yo
 - Deklarasyon avantaj Chomaj ak kantite lajan benefis chak semèn oswa yon deklarasyon labank ki montre depo Chomaj ki gen dat nan dènye 60 jou yo.
 - SSI oswa SSDI - dènye lèt benefis ki gen dat nan 12 dènye mwa yo oswa yon deklarasyon labank ki montre depo ki gen dat nan dènye 60 jou yo.
 - Sipò pou Timoun – deklarasyon DOR, depo DOR oswa deklarasyon labank nan dènye 60 jou yo, lèt paran k ap peye sipò pou timoun ak kantite lajan ak frekans peman yo.
 - Lòt sous revni – Lèt oswa lòt verifikasiyon yon twazyèm pati ki montre revni aktyèl ki gen dat nan dènye 60 jou yo.
- o Non tout manm nan kay la, SSN ak prèv revni. Si aplikan an oswa manm nan kay la pa gen yon SSN, sa se ok, ou ka tcheke Pa gen SSN sou aplikasyon an.
- o Prèv Lojman Aktyèl – Kontra lwavey oswa lèt pwopriyetè kay la ak adrès ak tout lokatè aktyèl yo nan apatman an
- o Prèv Kriz – Avi 14 jou pou kite oswa sitasyon tribinal la/papiye degèpisman
- o Lid Fòmèl ki montre lwavey yo dwe ak yon dekonpozisyon mwa yo peye/dwe – RAFT pral sèlman kouvri aryere yo pou lokasyon yo, YO PAP akòde lajan pou lokasyon nan lavni.
- o Enfòmasyon pou Kontak Pwopriyetè a (Non, Nimewo Telefòn / Adrès Imèl)

Aplikasyon pou depans pou kòmanse – Demenaje nan yon nouvo inite

- o ID pou chèf fanmi
- o Non tout manm nan kay la, SSN ak prèv revni – Si aplikan an oswa manm nan kay la pa gen yon SSN, sa se ok, ou ka make Pa gen SSN sou aplikasyon an.
- o Prèv Revni (gade premye seksyon pou egzanp dokiman sou revni)
- o Prèv Kriz Lojman pou Demenaje (avi degèpisman, twòp moun, sante ak sekirite (lèt doktè oswa konsèy sante), deklarasyon sanzabri, deklarasyon pwòp sou Vyolans Domestik oswa dokiman lapolis/tribinal, deklarasyon sipò avoka)
- o Prèv Lojman aktyèl la

Aplike pou sèvis publik sèlman

- o ID pou chèf fanmi
- o Prèv Revni (gade premye seksyon pou egzanp dokiman sou revni)
- o Non tout Manm nan Kay la, SSN ak Prèv Revni – Si aplikan an oswa manm nan kay la pa gen yon SSN, sa se ok, ou ka make Pa gen SSN sou aplikasyon an.
- o Prèv Lojman Aktyèl / Prèv Lwavey – Kontra lwavey, resi lwavey, oswa lèt pwopriyetè kay la.
- o Avi fèmen / Dekoneksyon ki soti nan founisè sèvis publik

****Pou aplikan ki sibvansyone yo, tanpri sonje ke yo pral mande w pou bay sa ki annapre yo:**

- o Pataje lwavey aktyèl la
- o Verifikasiyon yon difikilte oswa yon ogmantasyon nan depans pou peryòd kote lwavey w la pa te peye (egzanp resi oswa deklarasyon depans/bòdwo peye ki montre depans inatandi ki afekte kapasite pou peye lwavey), AK si yon diminisyón nan revni te rive bay dokiman sa yo te rapòte bay Otorite Lojman ou.
- o Tanpri Remake byen: Aplikan sibvansyone yo ka itilize RAFT sèlman pou 6 mwa aryere pou lokasyon chak ane.